



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**FAS AK OGMANTASYON DANJERE ENSIDAN VYOLANS DOMESTIK YO,  
GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PWOGGRAM TÈKS VYOLANS DOMESTIK  
AK NOUVO SÈVIS ANLIY KONFIDANSYÈL POU EDE VIKTIM ABI YO AK BAY  
FASON POSIB KI KA SOVE LAVI POU JWENN ÈD**

*Rapò sou vyolans domestik yo reprezante globalman jiska 30 poustan an avril konpare ak ane pase a epi apèl pou denonse ensidan yo bay Eta a te ogmante nan 15 poustan an mas konpare ak ane pase a*

*Nouyòkè ki bezwen èd oswa asistans yo kapab voye mesaj tèks bay 844-997-2121 oswa yo kapab ale nan novo sit anliy konfidansyèl la pou jwenn yon pwofesyonèl nan [www.opdv.ny.gov](http://www.opdv.ny.gov)*

*Nouvo pwogram tèks la ak sèvis anliy konfidansyèl la pral rann li pi fasil pou viktim ki izole avèk agresè yo a jwenn èd*

*Tèks ak sèvis anliy pral gen 24 sou 24 / 7 jou sou 7 anplwaye nan pèsònèl Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik ki se ekspè nan domèn vyolans domestik*

Fas ak ogmantasyon danjere ensidan vyolans domestik yo, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a modènizasyon imedya liy èd kont vyolans domestik Eta a avèk yon novo pwogram ak sèvis anliy konfidansyèl pou ede viktim abi yo ak bay mwayen posib ki ka sove lavi pou jwenn èd. Akòz pandemi COVID-19 aktyèl la ak direktiv sou distans sosyal ki nesesè a, viktim vyolans domestik yo plis frajil ak an danje ankò pandan yo izole lakay san yo pa kapab ale lwen agresè yo a epi genyen yon ogmantasyon ke yo rapòte nan kantite ka vyolans domestik yo nan Eta a. Apèl pou liy èd kont vyolans domestik Eta a reprezante jiska 30 poustan an avril konpare ak ane pase a epi apèl yo te ogmante nan 18 poustan soti fevriye pou rive mas 2020. Lapolis Eta a rapòte tou apèl ensidan vyolans domestik yo te reprezante jiska 15 poustan an mas konpare ak ane pase a.

Pou anpil viktim yo, fè yon apèl pou jwenn èd oswa aksede ak sèvis yo gendwa enposib paske agresè yo a kapab siveye apèl yo a. Nouvo pwogram tèks la ak sèvis anliy konfidansyèl la pral rann li pi fasil pou viktim sa yo ki nan izolasyon an kontakte Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office of the Prevention of Domestic Violence) la epi jwenn èd yo bezwen.

Nouyòkè ki ap chèche èd yo kapab voye tèks mesaj bay 844-997-2121 oswa diskite ak yon pwofesyonèl sou novo sitwèb konfidansyèl la nan [www.opdv.ny.gov](http://www.opdv.ny.gov). Sèvis ak tèks anliy yo pral gen 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn avèk anplwaye nan pèsònèl

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la ki se ekspè nan domèn vyolans domestik.

"Nouyòkè yo ap viv nan yon peryòd estresan ki inimajinab epi nou ap wè siy ke vyolans domestik ap ogmante pandanke viktим yo kwense lakay avèk agresè yo a epi yo pa kapab aksede ak èd yo bezwen an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou ap travay avèk ajans Eta a yo pou ede adrese kesyon sa a ak bay plis resous, epi nouvo pwogram tèks sa a ak sèvis anliy konfidansyèl la pral ede rann li pi fasil pou viktим yo jwenn èd yo bezwen an epi soti nan sitiyasyon ki posibleman danjere yo."

"Reyalite a sèke agresè yo siveye de prè souvan viktим abi yo", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te di konsa**. "Nan New York, pèsòn pa ta dwe arisk paske yo pa kapab jwenn yon fason pou yo fè konnen bezwen èd yo. Pwogram tèks ak sèvis konfidansyèl nou ap lanse jodi a pral bay metòd anplis epi ki pi bon pou viktим vyolans domestik yo jwenn èd ak entèvansyon yo bezwen lè yo bezwen li a."

Depi NYS on PAUSE (NYS AN PÒZ) te antre an vigè, OPDV a ak anpil ajans patenè Eta a yo te travay avèk dilijans pou chèche estrateji pou mete enfòmasyon sou sekirite an fas ak viktим yo nan kote ke enfòmasyon sa yo tap nòmalman disponib, gen ladan sou kont medya sosyal sèvis publik yo oswa taks/finans. Anplis de sa, gen gwo efò ki ap fèt pou afiche depliyan sou sekirite ki gen nimewo Liy Èd la nan magazen an detay esansyèl yo, tankou magazen manje yo, famasi yo ak magazen reparasyon kay yo, pamì lòt.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)